**दिन–सोम** **दिनांक–02.10.2023**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य सरकार जातीय गणनाक आंकड़ा जारी कऽ देलक अछि। आइ पटना मे प्रभारी मुख्य सचिव विवेक कुमार सिंह आंकड़ा जारी कयलनि। ओ जनौलनि जे राज्यक कुल जनसंख्या तेरह करोड़ सात लाख पच्चीस हजार तीन सय दस अछि। एहि मे सभ सँ बेसी अति पिछड़ा वर्गक आबादी अछि जे कुल जनसंख्याक छत्तीस दशमलव शून्य एक प्रतिशत अछि। ओतहि, पिछड़ा वर्गक आबादी सत्ताईस दशमलव एक दू प्रतिशत अछि। अनुसूचित जातिक जनसंख्या उन्नैस दशमलव छओ पांच आ अनुसूचित जनजातिक एक दशमलव शून्य छओ प्रतिशत अछि। सामान्य वर्गक आबादी पन्द्रह दशमलव पांच दू प्रतिशत अछि।

जातीय आंकड़ा मे जनाओल गेल अछि जे राज्य मे यादव जातिक आबादी सभ सँ बेसी चौदह दशमलव दू छओ प्रतिशत अछि। ओतहि, रविदासक पांच दशमलव दू कोईरीक चारि दशमलव दू, ब्राह्मण के तीन दशमलव छओ–पांच आ राजपूत जातिक आबादी तीन दशमलव चारि–पांच प्रतिशत अछि। एहि तरहें मुसहर जातिक आबादी तीन दशमलव शून्य आठ, भूमिहार के दू दशमलव आठ–छओ, कुर्मीक दू दशमलव आठ, मलाहक दू दशमलव छओ, बनियाक दू दशमलव तीन–एक आ कायस्थ जाति के आबादी शून्य दशमलव छओ प्रतिशत अछि। आंकड़ाक अनुसार राज्यक कुल आबादीक कुल एक्कासी दशमलव नओ–नओ– प्रतिशत हिन्दू धर्म के मानैत अछि। मुस्लिम धर्मावलंबी सभक संख्या सत्रह दशमलव सात प्रतिशत अछि। ईसाई कुल आबादीक शून्य दशमलव शून्य–पांच–सात आ सिख शून्य दशमलव शून्य एक–एक प्रतिशत अछि। एहि तरहें बौद्ध धर्म मानएवलाक संख्या शून्य दशमलव शून्य आठ–पांच आ जैन धर्म मानएवलाक संख्या शून्य दशमलव शून्य–शून्य नओ प्रतिशत अछि। शून्य दशमलव एक–दू–सात प्रतिशत लोक आन धर्म सभ के मानैत छथि। जखनकि, शून्य दशमलव शून्य–शून्य–एक–छओ प्रतिशत आबादी कोनो धर्म के नहि मानैत अछि।

राज्यक कुल जनसंख्या मे छओ करोड़ एकतालीस लाख एकतीस हजार नओ सय नब्बे पुरूष जखनकि छओ करोड़ एगारह लाख अड़तीस हजार चारि सय साठि महिला लोकनि छथि। तेसर लिंगक संख्या आठ सय पच्चीस अछि। एहि गणनाक अनुसार राज्य मे एक हजार पुरूष पर महिलाक आबादी नओ सय तिरपन अछि। राज्य मे दू करोड़ तिरासी

लाख चौवालीस हजार एक सय साठि परिवार अछि। सर्वेक अनुसार तिरपन लाख बहत्तरि हजार बाईस लोक सभ बाहर रहैत छथि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे जाति आधारित गणनाक रिपोर्ट के लऽकऽ काल्हि सर्वदलीय बैसक बजाओल गेल अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे एहि बैसक मे रिपोर्टक सभ पहलू के राखल जायत आ सभ दल सँ विचार–विमर्श कऽ आगांक रणनीति तय कयल जायत।

उपमुख्यमंत्री तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे जातिय गणनाक आंकड़ा अयबाक बाद सामाजिक न्यायक लड़ाई के आओर मजगूती भेटत। ओ जनौलनि जे आंकड़ाक आधार पर आर्थिक रूप सँ कमजोर लोक सभ के समाजक मुख्य धारा मे सम्मिलित करबा मे मददि भेटत।

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी कहलनि जे पार्टी सदति सँ जातीय गणनाक समर्थन कयलक अछि। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री चौधरी कहलनि जे एहि मे मात्र जातिक आंकड़ा अछि। आर्थिक आ सामाजिक रूप सँ पछड़ल वर्गक आंकड़ा सार्वजनिक नहि कयल गेल अछि। ओ रिपोर्ट के आधा अधूरा बतबैत कहलनि जे रिपोर्ट पूरा अध्ययन करबाक बाद एहि मुद्दा पर भाजपाक विस्तृत बयान आओत।

———————————————————————

कृतज्ञ राष्ट्र आइ राष्ट्रपिता महत्मा गांधी के हुनक एक सय चौवनम जयंती पर भावसिक्त श्रद्धांजलि अर्पित कयलक। एहि अवसर पर नव दिल्ली मे राजघाट स्थित बापू के समाधि पर सर्वधर्म प्रार्थना सभाक आयोजन कयल गेल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी गांधी जी के समाधि पर पुष्पांजलि अर्पित कयलनि। एम्हर, प्रदेश मे मुख्य समारोह पटनाक गांधी मैदान मे आयोजित कयल गेल जतऽ राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ उपमुख्यमंत्री तेजस्वी प्रसाद यादव सहित आन गणमान्य लोकनि गांधी जी प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————————

पूर्व प्रधानमंत्री लाल बहादुर शास्त्री के जयंती पर सेहो कृतज्ञ राष्ट्र हुनका स्मरण कयलक अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी शास्त्री जी के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एहि अवसर पर पटना मे राजकीय जयंती समारोहक आयोजन शास्त्री नगर पार्क मे कयल गेल। जतऽ राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ उपमुख्यमंत्री तेजस्वी प्रसाद यादव सहित आन गणमान्य लोकनि शास्त्री जी की प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————————

दरभंगा मे एम्स निर्माण के लऽकऽ सांसद गोपालजी ठाकुर आइ सँ अनिश्चितकालीन अनशन कऽ रहलाह अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे श्री ठाकुर राज्य सरकारक दिस सँ एम्स निर्माणक लेल चिन्हित स्थल एकमी–शोभन मे अनशन पर बैसल छथि। श्री ठाकुर के संग विधान परिषद मे नेता प्रतिपक्ष हरि सहनी, मधुबनीक सांसद अशोक यादव, विधायक संजय सरावगी, हरिभूषण ठाकुर बचौल आ मुरली मनोहर झा सहित भारी संख्या मे समर्थक उपस्थित रहलाह। सांसद गोपालजी ठाकुर कहलनि जे राज्य सरकारक दिस सँ दू सय एकड़ उपयुक्त जमीन नहि देबाक कारणे एम्स के निर्माण नहि भऽ सकल अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।